



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Dokiman sa a fèt pou distribye imedyatman
May 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

****FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

**OTORITE SOU LASANTE YO AP LANSE YON AVÈTISMAN SOU DANJE KI GEN NAN
MONOKSID KABÒN**

--Ou ka ede pou anpeche anpwazonnman mete pye si w swiv prekosyon pou sekirite yo--

Tallahassee – Pandan Floridyen yo ap kòmanse travay defason pou yo fè preparasyon poutèt sou Siklòn Twopikal/Siklòn kap pwoche, Depatman Lasante Florida (Florida Department of Health : DOH) ap mande piblik la pou l pran tout prekosyon ki genyen ak aparèy ki fonksyone ak gaz, ak chabon epi ak fou pou fè griyad, kòm kwa pou yo pa mete tèt yo an danje ak gaz kabòn monoksid (CO).

Monoksid kabòn se yon gaz ki envizib, san koulè, san gou, epi li ka anpwazonnen w. Tou depan de kantite gaz moun lan te respire, gaz CO ka bay fatig, feblès, doulè sou lestomak nan moun ki fè maladi kè, souf moun lan ka kout lè l fè efò, li ka bay kè plen (anvi vomi), tèt fè mal, moun lan ka gaye, moun lan ka pa gen tout kowòdinasyon l, vizyon l ka febli, li ka endispoze, epi gen dè ka grav kote moun yo mouri.

Men prekosyon DOH rekòmande pou moun pran defason pou yo pa anpwazonnen ak monoksid kabòn :

- Pa itilize recho ki mache ak chabon bwa oswa recho a gaz andedan yon kay, ni nan yon garaj, ni nan yon machin, ni nan yon tant e ni nan yon chemine.
- PA JANM itilize yon jeneratris (dèlko) andedan, kit se andedan kay, garaj, sousòl (bezment), espas kote moun dwe ranpe pou yo pase, ak lòt kote ki fèmèn oswa ki fèmèn pasyèlman, menm si gen van kap vante ladan yo. Menm si w louvri pòt, louvri fenèt oswa itilize vantilatè, sa pap anpeche gaz CO akimile nan kay la.
- **TOUJOU** mete aparèy la deyò sou yon sifas ki sèk, lwen pòt yo, lwen fenèt yo, lwen kondwi ayerasyon yo epi lwen ekipman klimatizè yo ki ka pèmèt gaz CO antre andedan.
- Swiv rekòmandasyon ki ekri nan mòd itilizasyon jeneratris ou an. Mete aparèy la deyò, lwen pòt yo, lwen fenèt yo, lwen kondwi ayerasyon yo epi lwen ekipman klimatizè ki ka pèmèt gaz CO antre andedan an.
- Enstale alam gaz CO ki fonksyone ak pil oswa alam ki ploge nan kouran ak yon batri kòm ranfò andedan lakay ou, selon rekòmandasyon konpayi ki fabrike yo bay pou enstale yo. Alam gaz CO yo fèt pou yo sètifye defason pou yo reponn a egzijans dènye estanda sekirite pou alam gaz CO yo (UL 2034, IAS 6-96, oswa CSA 6.19.01).
- Ou fèt pou teste alam gaz CO yo regilyèman epi ranplase batri ki mouri yo.



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

- Sonje byen, ou pa ka wè ni w pa ka santi gaz CO a epi jeneratris pòtab yo ka pwodwi anpil gaz CO nan yon ti moman.
- Si w kòmanse santi w malad, ou gen toudisman, oswa feblès pandan wap itilize yon jeneratris, al respire lè fre TOUSWIT. PA PÈDI TAN.
- Si w ta gen yon ijans poutèt anpwazonman, rele Sant Enfòmasyon sou Pwazon nan Florida (Florida Poison Information Center) ki pi pre w la nan 1-800-222-1222.

Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention : CDC) fè konnen resaman pral gen anons pou sèvis piblik kap dire 30 segonn ak 15 segonn ann Angle epi an Panyòl. CDC ap ankouraje estasyon radyo yo pou yo dechaje anons piblik yo gratis nan <http://www.cdc.gov/nceh/airpollution/carbonmonoxide/> (annik ale anba a nan « Anons Sèvis Piblik pou Monoksid Kabòn [Public Service Announcements for Carbon Monoxide]») Lòt medya ki gen emisyon oswa ki ekri sou papyè kapab itilize enfòmasyon sa yo tou pou alète tele-espektatè ak lektè yo.

Pou ka gen plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante lokal ki nan konte kote w rete a oswa al nan www.doh.state.fl.us oswa www.FloridaDisaster.org.

Liy Enfòmasyon Dijans Florida (Florida Emergency Information Line): 1-800-342-3557.

Fonksyon pou Sipòte Enfòmasyon Ijan pou Piblik la (Public Information Emergency Support Function) : (850)-921-0384.

###